**दिन—शनिवार** **दिनांक—26.10.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

मुख्य न्यायाधीश डी.वाई.चंद्रचूड़ कहलनि अछि जे न्यायपालिका सहित सभ क्षेत्र मे महिला लोकनिक अधिकाधिक भागीदारी पर जोर देल गेल अछि। आकाशवाणी सँ विशेष साक्षात्कार मे ओ कहलनि जे एहि सँ महिला लोकनि के पक्ष जानब आ निर्णय लेबऽ मे आसानी होयत। न्यायमूर्ति कहलनि जे देश भरि मे जिला न्यायपालिका लेल भेल परीक्षा मे पचास प्रतिशत सँ बेसी भर्ती महिलाक भेल अछि। ओ उम्मीद व्यक्त कयलनि जे एहि सँ महिला लोकनि न्यायपालिका मे उच्च पद पर पहुँचि सकतीह।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि सबेरे एगारह बजे आकाशवाणी सँ मन की बात कार्यक्रम मे अपन विचार साझा करताह। ई एहि मासिक रेडियो कार्यक्रमक एक सय पंद्रहम संस्करण होयत। कार्यक्रमक प्रसारण आकाशवाणी आ दूरदर्शनक संपूर्ण नेटवर्क पर होयत। कार्यक्रम आकाशवाणी समाचारक वेबसाईट आ न्यूज ऑन एआईआर ऐप पर सेहो उपलब्ध रहत। दूरदर्शन समाचार प्रधानमंत्री कार्यालय आ सूचना तथा प्रसारण मंत्रालयक यू—ट्यूब चैनल पर सेहो ई कार्यक्रम सीधा प्रसारित कयल जायत। हिन्दी प्रसारणक तुरंत बाद मैथिली भाषा मे एकर प्रसारण आकाशवाणीक दरभंगा केन्द्र सँ कयल जायत।

---

केन्द्रीय प्रत्यक्ष कर बोर्ड, सीबीडीटी कॉरपोरेट करदाता लोकनि लेल आकलन वर्ष दू हजार चौबीस—पचीस लेल आयकर रिटर्न दाखिल करबाक समय सीमा बढ़ा देलक अछि। आब करदाता लोकनि पंद्रह नवंबर धरि आयकर रिटर्न दाखिल कऽ सकैत छथि। पहिने रिटर्न दाखिल करबाक अंतिम तिथि एकतीस अक्टूबर निर्धारित छल।

---

चक्रवातीय तूफान दानाक प्रभाव सँ प्रदेशक पूर्वी आ दक्षिणी—मध्य क्षेत्र मे कतेको स्थान पर तेज हवाक संग आंशिक अथवा मध्यम बरखा भेल। मौसम विज्ञान केन्द्र पटनाक वैज्ञानिक

जनौलनि जे ओडिशा तट पर टकरेबाक बाद चक्रवातीय तूफान दाना कमजोर पड़ि गेल, जाहि सँ हवाक गति कम भेल अछि। मौसम वैज्ञानिक जनौलनि जे आइयो प्रदेशक अधिकांश क्षेत्र मे मेघ लागल रहत आ किछु ठाम आंशिक बरखा भऽ सकैत अछि।

———————————————————————

अगामी एक दिसंबर सँ दरभंगा हवाई अड्डा सँ दिल्ली आ मुंबई लेल इंडिगोक उड़ान शुरू भऽ जायत। सांसद संजय कुमार झा आइ एक ट्वीट संदेश मे ई जनौलनि जे जल्दीए एहि यात्रा लेल टिकट उपलब्ध होयत।

———————————————————————

प्रदेशक चारि विधानसभा क्षेत्र– तरारी, बेलागंज, इमामगंज आ रामगढ़ उपचुनाव लेल कुल पचास उम्मीदवार अपन नामांकनक पर्चा दाखिल कयलनि अछि। बेलागंज विधानसभा क्षेत्र सँ सभ सँ बेसी सत्रह उम्मीदवार अपन नामांकन पत्र दाखिल कयलनि। तरारी सँ तेरह, इमामगंज सँ दस आ रामगढ़ सँ नओ प्रत्याशी नामांकन पत्र भरने छथि। नामांकन पत्रक जांच अठाईस अक्टूबर के होयत। जखनकि तीस अक्टूबर धरि प्रत्याशी अपन नाम वापस लऽ सकताह। मतदान तेरह नवंबर के होयत। भोटक गिनती तेईस नवंबर के कयल जायत।

———————————————————————

सुप्रसिद्ध लोक गायिका शारदा सिन्हा के पछिला दिन तबीयत बिगड़ि गेलनि। स्थिति गंभीर भेला पर हुनका दिल्ली स्थित आयुर्विज्ञान संस्थान एम्सक आईसीयू मे भर्ती कराओल गेल छनि। केन्द्रीय कृषि राज्य मंत्री रामनाथ ठाकुर अस्पताल जा कऽ हुनक हालचाल लेलनि आ समुचित इलाजक आश्वासन देलनि।

———————————————————————

मधुबनी मे आइ मॉडल अस्पताल उद्घाटन भेल। सदर अस्पतालक पुरान भवन सँ मरीज लोकनि के नव निर्मित मॉडल अस्पताल मे लाओल जा रहल अछि। अस्पतालक प्रभारी अधीक्षक डॉक्टर राजीव रंजन जनौलनि जे एखन पुरूष आ महिला सर्जिकल वार्ड तथा महिला मेडिकल कक्ष के शुरू कयल गेल अछि। जल्दीए आनो विभागक इलाज इएह भवन मे शुरू भऽ जायत।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे स्टीमर सँ छठि घाट पर तैयारीक निरीक्षण कयलनि। श्री कुमार सभ सँ पहिने दानापुरक नासरीगंज गंगा घाट पर साफ–सफाई आ कयल जा रहल सुरक्षात्मक काजक निरीक्षण कयलनि।

————————————————————————————

बिहार आ कर्नाटकक मध्य आइ सँ पटनाक मोईनउलहक स्टेडियम मे रणजी ट्रॉफी मोकाबिला खेलल जा रहल अछि। राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर एकर विधिवत उद्घाटन कयलनि। आजुक मैच मे बिहार अपन पहिल पारी मे एक सय तैंतालीस रन बनौलक। बिहारक दिस सँ सरमन निग्रोध सभ सँ बेसी साठि रन बनौलनि। कर्नाटक दिस सँ एस.गोपाल चारि विकेट लेलनि। जवाब मे आजुक खेल समाप्त हेबा धरि कर्नाटकक टीम तीन ओवर मे बिना कोनो विकेट गंवेने सोलह रन बनौने अछि।

————————————————————————————

वैशाली जिलाक बलिगांव थाना परिसर मे आइ वैशाली ,मुजफ्फरपुर, शिवहर आ सीतामढ़ीक चालीस पुलिस पदाधिकारी के उत्कृष्ट काज लेल सम्मानित कयल गेलनि।

————————————————————————————

समाप्त